*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№ 6 (6835) * 9 ФЕВРАЛЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 21 ШАГIБАН 1447 с. *

## Районалъул администрациялда




**Дагъал церегIан къоязда районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана гIатIидаб, аслияб къагIидаялда хасаб рагъулаб операциялда хурхарал суалал гьоркьор лъураб данделъи.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель М. МухIамадовас, республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Ж. Нажмудиновас, районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Ш. ШагIбандибировас, Хьаргаби электросетазул нухмалъулев Д. Нажмудиновас, районалъул полициялъул нухмалъулев М-Ш. Рамазановас, районалъул учреждениязулгун организациязул нухмалъулез ва районалъул росабазул админисрациязул бутIруз.

Данделъиялда гьоркьор лъун хал гьабуна районалда тIадаб рагъулаб хъулухъалде гIолохъаби ахIиялъул, хасаб рагъулаб операциялде ине бокьараз къотIи – къаял хъвазе кумек гьабиялъул, районцоязда гьоркьоб гьенире аразе ругел бигьалъаби баян гьариялъул хIакъалъулъ.

Хасго кIвар кьуна цере лъурал масъалаби тIуразе ккеялъул, жиндир заманалда ва чIезе гьарурал болжалалда гьел тIуразе гьаризе ккеялъул.

Данделъиялъул хIасил гьабулаго кьуна чIванкъотIарал тIадкъаял ва рихьизе гьаруна жавабиял.




*Баркула!*



## БахIарчиясе шапакъат кьуна

**Араб анкьида районалъул администрациялда хIурматияб къагIидаялда тIобитIана хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, КIикIуниб росулъа Камилов Рамазан МухIамадовичасе кIиабилеб даражаялъул «За храбрость» медаль каранда бай.**

Рамазаница хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи гьабулеб буго 2024 соналдаса нахъе. БахIарчиясул каранда медаль бана районалъул бетIерасул заместитель М. МухIамадовас.

Данделъиялда гIахьаллъи гьабулезда гьес абуна щибаб нухалда бахIарзазул каранда медалал ралаго кIочон тезе бегьуларо гьез гьабураб бахIарчилъи, гьеб буго гьез нилъер умумузул нилъее ирсалъе тараб бищунго лъикIаб гIамал – ВатIан цIуни тIадегIанаб даражаялде бахине гьабулеб букIин. Биччанте Рамазан гIадинал районцояз нилъ киналго рохизе гьаризе Сах – саламатго рукъалде тIад руссунел рихьаги киналго хасаб рагъулаб операция тIобитIулеб бакIалда гIахьаллъи гьабулел.

КIВАР БУГЕБ СУАЛ

## ХIалтIаби унел руго

**ГIемераб заманаялъ батIи – батIиял гIиллабаздалъун нахъ бахъун толел рукIарал, районалъул Хъвартихьуниб, Курмиб, Хьаргаби ва КIикIуниб росаби гьекъолеб лъедалъун хьезе гьариялъул суал араб соналъул августа моцIалда гIумруялде бахъине лъугьана. Республикаялъул инфраструктурабазул программабазул дирекциялъ торг ахIун ралагьана хIалтIаби гьаризе хIалтIул хIалбихьи бугел, къваригIунеб техникаялъул рахъалъ хьезе гьабураб гIуцIи. Гьеб буго ООО «Спецремстроймонтаж» гIуцIи.**

Лъел рогIрал лъезе хIисабалде босарал бакIазде киса – кирего щвезе гьарун руго пластмассалъул рогIрал. АнцIгоялдаса цIикIкIарал хIалтIухъаби ва анцIгоялде гIагарун техника хIалтIулеб буго щибаб къоялъ. Гьеб якъинго бихьизе рес буго




Хьаргаби консервал гьарулеб заводалдасан КIикIуниб росулъе лъел рогIрал лъезе нух гьабулеб техника хIалтIулеб бихьараб мехалъ.

Баяналъе, гьеб нух хIалтIизе гьабулеб букIана ракIалда гьечIого гьалагго щун бачIун 1960 соназда заводалде унеб кьо босун араб мехалда, хехал тадбиралги гьарун, КIикIуниб росулъан Улиялда тIасан заводалде пихъ баччизе ва хIадур гьабураб продукция къватIибе босизелъун. Гьелдаса хадуб цIияб кьоги бан рехсолеб нух пайда босичIого рехун тун букIана. Рарал цIадаз ва щварал иххаз гIадамал лъелго хьвадизе гурони рес гьечIеб бакIалде ккун букIана гьеб. Гьанже гьеб нухдасан чIахIиял автомашинаби хьвадизе рес бугеб хIалалъ гьабулеб буго рехсолеб гIуцIиялъул хIалтIухъабаз.

Гьеб гуребги «ТIад гIурикI-кIанда» авалалдасан заводалде тIаде, гьенисан КIикIуниб росулъе гьабун буго цойги автомашинаби хьвадизе нух.

Рехсолеб гIуцIиялъ рес рекъолеб щинаб бакIалдасан лъел рогIрал лъолел руго ракьулъан, гьечIеб бакIалдасан тIасан ккезе хIисабалде босун буго рогIразда жаниб цIер чIвачIого букIине кколел хасаб материал.

ГьабсагIаталда хIалтIаби унел руго тIадран. Лъел рогIрал рачиналъул хIалтIаби лъугIизе гьаризе хIисабалде босун буго гьаб соналъул ахиралде.

# ХIисаб кьеялъул данделъи



**Гьал къоязда районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана районалъул жанисел ишазул отделалъул районалъул централда вугев участковый уполномочениясул араб соналда гьабураб ва гьаб бачIараб соналда гьаризе тIаде росарал хIалтIабазул хIисаб кьеялъул данделъи.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель М. МухIамадовас, районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Ш. ШагIбандибировас, районалъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулев М. Зубаировас, раайоналъул администрациялъул жавабиял хIалтIухъабаз ва районалъул росабазул администрациязул вакилзабаз.

Данделъиялда участковыяв уполномочениясул хIисаб кьеялъул докладалда хадуб гьоркьоблъун хал гьабуна оперативияб ахIвал – хIалалъул, общественияб низам чIезе гьабиялъул ва профилактика гьабиялъул суалазул.

Гьединго рорхана бакIалъулаб самоуправлениялъул ва жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабазул цадахъ рекъон хIалтIи гьабиялъул, гьеб лъикIлъизе гьабиялъе кьуна чIванкъотIарал болжалал ва рихьизе гьаруна жавабиял.

## ДЛЯ ПОСТУПЛЕНИЯ НА ВОЕННУЮ СЛУЖБУ ПО КОНТРАКТУ ОБРАТИТЬСЯ С ЗАЯВЛЕНИЕМ (ПОДАТЬ ЗАЯВКУ) ВАРИАНТЫ:

лично, почтовым отправлением, по телефону в пункт отбора или военный комиссариат

8-989-484-69-95

в личном кабинете гражданина на сайте Минобороны России через

**службапоконтркту. рф контракт05.рф**

через электронный сервис «Военная служба по контракту» на едином портале государственных услуг

госуслуги.рф

**ГОРЯЧАЯ ЛИНИЯ ПО ВОПРОСАМ СЛУЖБЫ ПО КОНТРАКТУ -117**

### Требования к кандидатам

**возраст от 18 лет до 65 лет. Годен по состоянию здоровья**

### 5 шагов для поступления

- Сдать документы в пункт отбора или военный комиссариат
- Пройти собеседование с психологом в пункте отбора
- Пройти медицинский осмотр в военном комиссариате
- Заключить контракт в пункте отбора
- Получить предписание и убыть к месту службы

### Перечень документов

- Автобиография и анкета
- Паспорт
- Военный билет (при наличии)
- Свидетельства о браке и рождении детей (при наличии)
- Документы об образовании

### Контракт заключается

**НА 1 ГОД, 3 ГОДА И 5 ЛЕТ**

### Единовременные выплаты

**400 тыс. руб.** (федеральная выплата)
**2 млн. руб.** (региональная выплата)
**500 тыс. руб.** (от МР «Гергебильский р-н»)
При заключении контракта - **2.9 млн. руб.**

### Ежемесячны выплаты в зоне специальной военной операции

**от 210 тыс. руб. в месяц**
*(в зависимости от воинского звания, должности и выслуги лет)*

**Заместитель командира взвода** - Командир отделения - от 250 тыс. руб. в месяц
**Командир отделения** - от 238 тыс. руб. в месяц
**Инструктор штаба** - от 234 тыс. руб. в месяц
**Начальник радиостанции командно – штабной машины** - от 232 тыс. руб. в месяц
**Старший сапер** - от 216 тыс. руб. в месяц
**Старший телефонист** - от 224 тыс. руб. в месяц
**Гранатометчик** - от 211 тыс. руб. в месяц
**Водитель** - от 216 тыс. руб. в месяц
**Повар** - от 211 тыс. руб. в месяц
**Стрелок** - от 210 тыс. руб. в месяц.
**Старший водитель - электрик** - от 222 тыс. руб. в месяц
**Пулеметчик** - от 216 тыс. руб. в месяц

### Социальные льготы и гарантии

- Возможность быстрого приобретения жилья за счет Минобороны России через накопительно-ипотечную систему.
- Служебное жилье или компенсация за найм жилья.
- Бесплатное обследование, лечение и реабилитация в военно-медицинских учреждениях.
- Страхование жизни и здоровья за счет Федерального бюджета.
- Право на льготную пенсию после 20 лет службы.
- Выделение земельного участка по месту жительства (в соответствии земельным законом РД).
- Единые дополнительные выплаты, льготы и гарантии субъектов Российской Федерации для военнослужащих по контракту.
- Кредитные и налоговые каникулы.
- Бюджетные места для обучения детей в вузах.
- За будущими контрактниками бронируются рабочие места.
- Бесплатный отдых детей в летних оздоровительных лагерях.

**8 989 650 48 66**

15 ФЕВРАЛЬ – РАГЪУХЪАБИ – ИНТЕРНАЦИОНАЛИСТАЛ РАКIАЛДЕ ЩВЕЗАРИЯЛЪУЛ КЪО!

# ВатIан тун къватIирехун ВатIаналъе гIоло рухIги жанги кьуразе кидагосеб рецц!

**Жиб-жиб соналъ I5 февралалда кIодо гьабула рагъухъаби - интернационалистал ракIалде щвезариялъул къо. Пашманал тарихиял тIамчазда бухьараб къо буго гьеб, киналниги советияб союзалда гъорлъ рукIарал улкабазеги.**

Тарихалде тIад руссун ралагьани, рагъухъаби – интернационалистал ракIалде щвезариялъул къо чIезабуна , советиял аскарал I989 соналъул I5 февралалда Афгъанистаналдаса къватIире рачиналде бухьинабун, 20I0 соналъул 29 январалда . Исана гьеб кIодо гьабулеб буго I6- леб нухалъ. Амма, 20II соналдаса нахъе тарихияб къоялъул статус хисизабуна. Гьанже гьеб буго киналниги, ВатIан тун къватIибехун рагъулаб хъулухъалъул налъи тIубалел рукIарал Россиялъул гIадамал ракIалде щвезариялъул къо.

Гьелъ жанире рачуна Афгъанистаналъул рагъул ветеранал гурелги, киналниги рагъулал тунка – хIунсиязда гIахьаллъи гьабуралги: Сириялда, Венгриялда, Ангола, Вьетнам, Мозамбик, Куба ва гь. цойгидалги.




Тарихияб къоялъ тIоритIула ракIалде щвезаризул батIи – батIияб акцияби.

Благотворительниял гIуцIияз ракIарула рагъухъабазул хъизамазда кверчIваялъе гIарцал.

Активистазул церерахъиназул кIалъаязда борхула рагъулал ишазул гIахьалчагIазул гIумруялъулъ ругел захIмалъаби. Рагъула мемориалиял объектал, памятниказда цере лъола тIугъдул.

Афгъанистаналда I979 – I989 соназ рагъулаб хъулухъ тIубана 620 азарго советиял аскаразул рагъухъабаз. Рагъдаса тIад руссинчIо I5 азарго рагъухъан. Баяналъе, Хьаргаби районалдаса I7 гIолилас гьабуна гьениб гIахьаллъи.

Школазда, ВУЗазда, библиотеказда ва культуриял центразда тIоритIула ветераназ жидерго ракIалде щвеял гIолилазда бицунел дандчIваял.

Музеязда гIуцIула рагъулал тунка – хIунсиязул тарихалъул ва рагъухъабазул бахIарчилъиялъул бицунел выставкаби ва экспозициял.

Гьеб къо кIодо гьабиялъул аслияб мурад ккола, тарихиял ракIалде щвеял цIунизе ккей. ГIун бачIунеб гIелалда лъазе ккола ватIанцоязул бахIарчилъиялъул ва щиб багьаялъухъ ракълилаб дуниял щварабали.

Гьаб тарихияб къоялъ цойги нухалда нилъер хIисаб щвезабула , захIмалъаби, къо – къварилъи бихьун гIагараб ракьалде тIад руссарал ветераназдехун адаб цIунун тезе ккеялде.

4 ФЕВРАЛЬ – ШАМИЛ ИМАМ НАКЪЛУЛЪАРАБ КЪО

# ГIУМРУЯЛЪУЛ АХИРИСЕЛ ЛАХIЗАТАЛ

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ВА КАВКАЗАЛЪУЛ МИЛЛИЯВ БАГЪАДУР КЪАДАРАЛДЕ ЩВАРАЛДАСА ИСАНА ТIУБАНА 155 СОН

Шамил имамасул гIумруялъе, гьесул хIаракаталъе батIи – батIиял мацIазда сайгъат гьарурал нус – нус асарал, тIахьал ругониги, гьесул ахирал къоязул хIакъалъулъ мухIканго лъалеб жо цIакъ дагьаб гурони гьечIо. Щайгурелъул, гьев инсанасул гьеб заманалда хурхарал, гьелъул бицарал я тIахьал гуро, я гьарурал цIех – рехал гьечIо, я нахъе тарал ракIалде щвеял хутIичIо. Дора - гьаниса рагIарал, батIи – батIиял асаразда дандчIвалел, божизе бегьулелги бегьуларелги хIужабаз, биценаз дагьа – макъабго, гIага – шагарго роцIинарула гьев кIудияв магIаруласул гIумруялъул ахирал къоял.
Амма буго цо асар, Шамил имамасул ахирал къоязул, гьесул хвалил хIакъалъулъ дагьа – макъабго мухIканго бицен гьабураб. Гьеб ккола турказул хъвадарухъан ТIарикъ Мумтаз Гёзтепел «Дагъистаналъул арслан имам Шамил» абураб тIехь. Гьеб хъвазе хIадурлъулагоги гьеб хъвалагоги авторасе кумек гьабуна гьесулгун лъикIаб гьоркьоблъи букIарал Шамил имамасул вас МухIамадкамилицаги гьесул вас СагIид – бегицаги. Гьединлъидал гьеб тIехьалда Шамилил гIумруялъул хIакъалъулъ бицараб жо ккола гьев кIиявго инсанасул кIалдиса араб, гьез бицараб ва гьезул бер кIутIараб хIакъаб хIужалъун.
Гьайгьай, бицен гьабулеб тIехь кколаро гIелмияб цIех – рехлъун, гьеб буго документалиябгун художествияб жанралда хъвараб асар. Гьединлъидал гьелъул мацIги буго гьеб жанралда рекъараб. «Дагъистаналъул арслан имам Шамил» абураб тIехьалдаса къокъ гьабун буссинабураб, Дагъистаналъул ва Кавказалъул миллияв багьадурасул гIумруялъул ахирал лахIзатазул хIакъалъулъ баян кьураб бутIа бахъулеб буго гъоркьехун.



Шамил, тIуван дунялалъул ишаздаса рикIкIалъун, рухIанияб гIаламалде гьоркьове арал дол къоязда цIакъ загIиплъана ва ахиралдаги кIудияб гIазаб-гIакъуба хIехьезе кIолареб хIалалде ккана.

Тушманасул хеч, цо йокьулей кинигин, керенги борлъун, мугъзада нахъасан баккиялде данде кьварун чIарав гьев кIудияв ва тIокIав жинда релълъарав гьечIев, къуватав бахIарчиясул квачIиниб тIищадилеб гьеб гIазаб –гIакъубаялда гьес жинцагоцин гIажаиблъи гьабулаан: гьалгощинал ругънал лъуна дида, амма гьаб унти, гьезул цонигиялда релълъунароян, даим зигардулаан гьев.

ГIумруялъул ахирал къоял Шамилие зинданлъун гьарураб гьеб унти доб заманалда лъазе ва дару гьабизе рес гьечIеб ва цIакъ захIматаб кIващул унти букIана. КIущулеб мехалда, гьев чарангIадав чиясул зигара рагIулаан ва гьеб хIал рагIаразул ракIал унтулаан. Шамилил гьел лахIзатазул заманалда кIващуда хадуб кесек-кесек гьабун ганчIал рортулел рукIараблъи лъалаан.

Жиндир сахлъи ахирги тIубан хьулкъотIараб, дарман гьабизе рес гьечIеб бакIалде бачIараблъи бихьарав гьев мубаракав инсанас, кагъатги хъван, султан ГIабдулгIазизиде хитIаб гьабула, ахираб нухалъ вихьиве, Россиялда гъоркьлъалие хутIарав кIудияв вас ГъазимухIамадие изну кьейилан, пача Александр Лъабабилесда гьарейилан. Султан ГIабдулгIазизица хIурматияв гьоболасул гьари тIубазе кумек гьабула.

Инсул хIакъалъул хабар рагIарав ГъазимухIамад, кIудияб ургъелги чIван, сапаралде вахъуна Россиялдаса ХIижазалде. Шамилил чорхол хIал цIакъго цIакъ захIмалъулеб букIин бихьарал гьесул лъудби Загьидатицаги ШугIайнатицаги, ахирги шайих ахIизе замана бачIанилан абун, шайих АхIмад-ур РуфагIиде хабар гьабула, гьесул ахIвал-хIал цIакъго квеш бугилан.

Шайих АхIмад - ур РуфагIи гьебго минадул цогидаб бутIаялда вукIана гIумру гьабун. Балагьаб харбихъ кIудияб рахIатхвейгун балагьун чIун вукIарав, Шамилгун къокъаб цо заманалда жанив рухIияв ва иман бугев вацлъун лъугьарав гьев камилав ва ритIухъав шайих вачIараб мехалъ, Шамилил бусада сверухъ ракIарун рукIарал гьесул хъизамалъул чагIи, гьебсагIат рокъоса къватIире уна. ГIицIго гьеб мехалъ гьанжего гьанже анкьго сон барав, Мадинаялда вукIарав цохIо – го цо вас МухIамадкамил, Шамилил ишараялдалъун ва гьариялдалъун, рокъов тола ва вахъун чIун вукIуна.

Шайих АхIмад-ур РуфагIи рокъове лъугьиндал, Шамилил ботIрода нахъа чIола. Рокьул ва пашманлъиялъул цIурал жиндирго берал гьес речIчIизарула ахираталъул нухлуласул ахираб цIа свине хIадурлъарал дол гъваридал ва гIодоре риччарал беразде. Жеги рухI бахъичIого ва тIолабго гIакълуялъул рес цIунизе хIаракат бахъулев вукIарав Шамилидехун, аллагьасул хIузуралда цеве чIезе рес щварав цо шагьидасдехун кинигин, хитIаб гьабула гьес ва гьесул гьаркьида жаниб рагIулаан бищунго къуватаб пашманлъиялъул ва гIазабалъул ахираталъул бакъан.

РекIелав ва иманалъулав вац Шамилидехун рухIалдасан кIудияб цо гIек-гIеки гIадин чIобоголъизабураб ва батIаго тIадегIанаб байтлъун лъугьараб шайихасул хитIабалъул магIна букIана гьадинаб: «Ле, Аллагьасда цеве вугев дир вац, абе, Аллагь цо вугин ва, гьев тун, батIияв Аллагь ватуларилан!»

КIудияб рухI Аллагьасе кьезелъун машгъул вукIарав ва хIалуцараб унтуда жанив вухIулев вугев Шамилица, гьеб хитIаб рагIарабго, жиндирго бетIер къадруялда ва асар гьабиледухъ шайихасдехунги буссинабун, гъваридаб макьидаса ворчIарав гIадин, бералги рагьулаго, квераз ишара гьабула.

Бищунго балагьал ва хIакъал хвелал хIинкъизарурав ва гIажалал соназ даим гьел нахъчIвалеб букIараб Дагъистаналъул гъалбацIил жал Бичасул хиси гьечIеб ихтияралда цебе бортула ва мукIурлъиялъул рецц лъаларев гьев багьадур тIоцебесеб ва ахираб нухалъ жиндирго БетIергьанасе мутIигIлъулев вукIана. Гьеб лахIзаталда Шамил мугъзада вегула ва кIиябго кВералъул килщал цоцалъ рахараб хIалалда каранда лъола. ХIурматияб ва къадруяб ахираталъул нухлулас, абадияб сапаралде вахъунаго, кверазе хIаракат гьабизе квалкваллъун букIараб гьеб хIалалдаса ворчIизе гIоло, жиндие кумек гьабизелъун, свине хIадурлъарал бераз, ахираб цо гIумруялъулаб гучгун, ишара гьабула. ГьебсагIат цоцаздаса ратIа гьарун, килщал эркенлъарав Шамилица, кIиябго квер черх битIун халат риччала ва, кваранаб кВералъул ишарул килищ борхун, чорхолъ букIараб бищун ахираб гъалбацIилаб гьаракь ва иманалъул гьури чIоболъизе гьабулаго, шагьадат битIула.

ГIурус пачаясул макьу тIуризарурал ва бищунго къуватал аскарал щущахъ риххизарурал гьел нуралъул ва цIадуд цIурал берал, Мадинаялъул завалалда свине хIадурлъараб маркIачIул бакъуда цадахъ гIадин суна. Бесдал хутIараб Кавказ, зинданалъул бецIлъиялда жаниб тараб гьеб балагьаб бакъкквей букIаго, маркIачIул как базе анцIила щуго минут хутIун букIана. Гьижрияб тарихалъул I287 соналъул 25 зулкъагIида, хамиз къо букIана.

Шамилил рухI босаралдаса дагьаб мех балелдего, гьесул жаназа гъоркьияб тIалаялда букIараб РуфагIил гIибадат гьабулеб хасаб рокъобе рештIинабула ва, нуцIбиги къан, гьеб сордоялъ гьениб цIунула.

Нахъисеб къоялъ рогьалида жинцаго гьеб бакIги рагьун, шайих Ахмад-ур РуфагIи, хварасул бусадул бетIералдаги чIун, Шамилил хъизамалъул агьлуялде хабарги гьабун, мунагьал чурадил гьумер ахираб нухалъ бихьизе гIоло, гьенире ахIула киналго.

БетIералда Шамилил кIудияй лъади Загьидатги гьаюн, ШугIайнат, ясал ПатIимат, Сапият, Баху-Меседу, Нажабат, гьелъул рос Давуд ва Шамилил бищун гьитIинав вас МухIамадкамил, гьесухъ балагьулей Валигъиз, гьеб ахIи кIудияб рахIатхвейгун къабул гьабулаго, мунагьал чурадил жаназаялда сверухъ чIола. Гьеб мехалда шайих АхIмад-ур РуфагIица, гьанжего гьанже анкьго сон барав МухIамадкамилил кверги ккун, Шамилил хирияб жаназаялде аскIовеги вачун, абула: Дир вас, инсул мубаракаб кВералда убач гьабе», - ян.

Хвалчабазе бищун тIадегIанаб къиматги къадруги кьураб доб, жинда релълъараб гьечIеб гъалбацIил квачIалда васас бесдаллъиялъул пашманлъигун ва виххигун, кIиябго кВералъги ккун, баула.

Гьеб мехалда шайих АхIмад- ур РуфагIица лъимадул мунагь гьечIеб рухIалъе гьадинаб, цо ахлакъияб хитIаб гьабула: «Гьеб мубаракаб махI гIицIго, шагьадаталъулаб даражаялде хиралъаразул букIунеб цо лъикIаб махI буго ва, щаклъи гьечIого, дур эмен, Аллагьасул бищун мустахIикъал ругел лъоб мубаракаб шугьадаазул къапилаялъул церехъабаздаса цояв ккола, - янги абун, лъимадул бесдалаб бетIералда къочула.

Шамилил хъизамалде зиярат гьабун хадуб, Мадинаялда ГIусмани хIукумдарил вакиллъун вукIарав шайихулхIарам ХIажи Амин-пашаяс, жаназаялде аскIовеги вачIун, жинцаго халгьабула гьеб чурулеб ва гьелда мусру жемулеб куцалъухъ. Жаназа чурулаго гьес, гулгунги кодобе босун, жинцаго лъимги тIун, Шамилидехун жиндирго вазипаги хIукумдарил цIаралдасан бищунго тIадегIанаб ва кIудияб хIурматги бихьизабула.

Шамил вукъулеб къоялъ гьесул табуталда гъоркь Мадинаялъул гIадамазул махIшар лъугьуна. Кодов ккун восун унев вугев гьев кIудияв нухлулав, аварагасул хирияб хабаде аскIове щвезавун, гьеб гучаб жамагIаталъул хIузургун, гьениб жаназаялъул как бала. Хадуб Жаннатул-Бакъиййилан абулел хабалазда, аварагасул руччаби рукъун ругеб зияраталда аскIоб, Шамилие цебего рекIее гIураб гьитIинаб цо гохIалда тIад вукъула.

# Соблюдайте правила пожарной безопасности!

**Пожар в жилом доме - это большая беда. Огонь уничтожает все на своем пути, за считанные минуты люди остаются без крова над головой и имущества нажитого годами, а иногда и бесценное - человеческие жизни.**

**Основными причинами пожаров в быту являются:**

- нарушение требований пожарной безопасности при монтаже и эксплуатации печного отопления при эксплуатации бытовых электронагревательных приборов;
- нарушения требований пожарной безопасности при курении;
- нарушение требований пожарной безопасности при монтаже и эксплуатации электрических сетей.

**Для предупреждения пожара и гибели людей в своем «жилище» достаточно соблюдение элементарных требований пожарной безопасности в быту:**

- НЕ доверяйте детям спички, разъясните им опасность игр с огнем, не оставляйте детей одних дома;
- НЕ оставляйте без присмотра электронагревательные приборы, выходя из дома (квартиры) не забывайте отключать электробытовые приборы и освещение;
- НЕ подключайте в одну розетку более двух электроприборов;
- НЕ допускайте курение лежа в постели, не оставляйте непотушенные сигареты;
- НЕ допускайте хранение горючих материалов и жидкостей, баллонов с горючими газами вблизи приборов отопления;
- НЕ разогревайте лаки и краски на плите и не сушите белье над плитой;
- НЕ допускайте захламления путей возможной эвакуации;
- НЕ нарушайте правила монтажа и эксплуатации печного отопления;
- НЕ пользуйтесь нестандартными электронагревательными приборами кустарного производства.
- Оборудуйте жилые помещения автономными дымовыми пожарными извещателями!!!

Автономный пожарный извещатель защитит ваш дом, имущество, жизнь, так же обнаружит пожар на ранней стадии, подаст мощный звуковой сигнал, разбудит спящего человека!!! Для оперативного проведения спасательных работ и тушения пожара подразделениями пожарной охраны не загромождайте проезды к жилым зданиям, источникам противопожарного водоснабжения. Нужно помнить о том, что пожар легче предупредить, чем прилагать героические усилия для его тушения.

**Памятка как действовать при пожаре Если в доме (квартире) произошел пожар,**

**–** немедленно сообщите о нем в пожарную охрану по телефону 01, 101 или 112



- не открывайте окна, так как с поступлением кислорода огонь вспыхнет сильнее;
- предупредите всех находящихся поблизости людей о необходимости выхода из опасной зоны, принимая посильные меры по их эвакуации;
- выключите электричество, перекройте газ;
- залейте очаг пожара водой;
- при наличии возможности, используйте огнетушители, с учетом рекомендаций завода изготовителя, указанных на корпусе;
- передвигайтесь в задымленном помещении ползком или пригнувшись, закрыв нос и рот мокрым полотенцем, вдоль стены к выходу;
- в случае возгорания жира на сковороде накройте ее большой тарелкой, но не тряпкой;
- в сообщении о пожаре диспетчеру укажите точный адрес, место возникновения пожара, размер и характер пожара, ф.и.о. сообщившего.

Помните, Ваша безопасность во многом зависит от Вас!
Огонь беспечности не прощает!

**УВАЖАЕМЫЕ ГРАЖДАНЕ!**

**В случае беды немедленно сообщите в экстренные службы по телефонам:**

**«112»** — Единая служба спасения.

**ОНД и ПР № 16 УНД и ПР**
**ГУ МЧС России по РД**

МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ
СП «СЕЛЬСОВЕТ ХВАРТИКУНИНСКИЙ»

# РЕШЕНИЕ

*№ 01-06/1* *от 21 январь2026года*

## О СЕЛЬСКОМ БЮДЖЕТЕ НА 2026 г.

Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2026год, определенные исходя и из прогнозируемого объёма в размере **3703,2** тыс. рублей:

прогнозируемый общий объём доходов сельского бюджета в сумме **3703,2**тыс. руб. в том числе безвозмездные поступления от других бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме **3227,2** тыс. руб. согласно **приложению 1** к настоящему Решению;

Общий объём расходов сельского бюджета в сумме **3703,2** тыс. рублей.;

Утвердить в пределах общего объёма расходов, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджета на **2026** год согласно **приложению 5** к настоящему Решению.

**Распределение доходов бюджета на 2025 год по кодам экономической классификации.**

| Код бюджет. классиф . РФ | Наименование доходов | Сумма(тыс. рублей) |
|---|---|---|
| 00010000000000000000 | Доходы | 476,0 |
| 18210102000010000110 | Налог на доходы физических лиц | 74,0 |
| 00010601030100000110 | Налог на имущество физических лиц | 12,0 |
| 00010606013100000110 | Земельный налог | 70,0 |
| 00111705050100000180 | Прочие не налоговые доходы | 320,0 |
| 00020000000000000000 | Безвозмездные поступления | 3227,2 |
| 00120201001100000151 | Дотации бюджетам | 3000,0 |
| 00120203015100000151 | ВУС | 227,2 |
| 00120203024100000151 | Субвенции бюджетам поселений передаваемых полномочий субъектов РФ | |
| 00120220303100000151 | Субсидии бюджетам сельских поселений на обеспечение мероприятий по модернизации систем коммунальной инфраструктуры за счет средств бюджетов | |
| | ВСЕГО | 3703,2 |

**Распределение бюджетных ассигнований на 2026 год**

| Наименование показателя | РЗ | ПР | ЦС | ВР | Сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | | 6 |
| Глава муниципального образования | 01 | 02 | 999002001С | 121 | 400560 |
| Начисление на выплаты по оплате труда | 01 | 02 | 999002001С | 129 | 211569 |
| Центральный аппарат | 01 | 04 | 999002003С | 121 | 1116177 |
| Начисление на выплаты по оплате труда | 01 | 04 | 999002003С | 129 | 337085 |
| Прочая закупка товаров работ и услуг | 01 | 04 | 999002003С | 244 | 45000 |
| ВУС | 02 | 03 | 6240151180 | 121 | 118584 |
| Начисление на выплаты по оплате труда | 02 | 03 | 6240151180 | 129 | 35816 |
| Уличное освещение | 05 | 02 | 9940023510 | 244 | 300000 |
| СДК | 08 | 01 | 991002440Д | 111 | 834495 |
| Начисление на выплаты по оплате труда | 08 | 01 | 991002440Д | 119 | 231114 |
| Доплата к пенсии | 10 | 01 | 994003491Э | 262 | 0,00 |
| ИТОГО: | | | | | 3703200 |

**Глава МО «с/с Хвартикунинский» Магомедов Г.З.**

# Гунибская межрайонная прокуратура разъясняет

## Банком России определены признаки выдачи наличных денежных средств без добровольного согласия клиента с использованием банкоматов

**К таким признакам отнесены, в частности:**

- несоответствие характера, и (или) параметров, и (или) объема направленного запроса на выдачу наличных денежных средств запросам на выдачу наличных денежных средств, обычно совершаемым клиентом;
- несоответствие способа направления запроса на выдачу наличных денежных средств способам направления запроса на выдачу наличных денежных средств, обычно используемым клиентом;
- направление запроса на выдачу наличных денежных средств в течение 24 часов с момента:
- предоставления кредитных (заемных) денежных средств или кредитной карты, увеличения лимита на выдачу наличных денежных средств или лимита кредитования;
- поступления денежных средств на сумму более 200 тыс. рублей на банковский счет (вклад) физического лица с использованием СБП с банковского счета (вклада) указанного физического лица, открытого другой кредитной организацией;
- досрочного расторжения договора банковского вклада на сумму более 200 тыс. рублей по требованию вкладчика;
- наличие информации о пяти и более отказах в выдаче наличных денежных средств (в том числе в связи с превышением лимита кредитования либо ошибками при вводе пин-кода) в течение календарного дня.

Утвержденные приказом признаки выдачи наличных денежных средств без добровольного согласия клиента применяются с 1 сентября 2025 года.

**Усилена административная ответственность военнообязанным**

Статьей 21.5 КоАП РФ предусмотрена административная ответственность за неисполнение гражданами обязанностей по воинскому учету.

Федеральным законом от 07.07.2025 № 202-ФЗ указанная статья дополнена частью 2.1, согласно которой с 1-5 тыс. руб. до 10-20 тыс. руб. увеличен размер административного штрафа за несообщение гражданином в военный комиссариат или орган, осуществляющий первичный воинский учет, сведений о переезде на новое место пребывания либо неявку в военный комиссариат в случае переезда на новое место пребывания, не подтвержденные регистрацией.

Статьей 10 Федерального закона от 28.03.1998 № 53-ФЗ «О воинской обязанности и военной службе" установлен двухнедельный срок на сообщение об изложенных событиях, который исчисляется со дня их наступления.

Информированию подлежат: военный комиссариат либо местная администрация соответствующего поселения, муниципального или городского округа, осуществляющая первичный воинский учет.

Законом предусмотрены различные способы такого сообщения:

- в письменной форме;
- в электронной форме через Портал государственных и муниципальных услуг (функций).

**Вышеуказанные изменения вступили в законную силу с 07.07.2025.**

## Лъазаби

2006 соналда КIикIуниб гьоркьохъеб школалъул 11 класс лъугIун **МухIамадова Ирайсат Рамазановналъе** кьураб № Б- 5070099 аттестат билун буго. Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хIакъикъия гуреблъун рикIкIуна.

* * *

1985 соналда Хъвартихьуниб гьоркьохъеб школалъул 10 класс лъугIун **МухIамадгIалиева Парида МухIамадхIажиевналъе** кьураб №В 225457 аттестат билун буго. Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**

Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 700 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 05 февраля 2026 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00